

Mizajou Konsèy Pwovizwa pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Enstalasyon Fabrikasyon Manje oswa Magazen Manje yo Vann an Detay pou COVID-19

18 Avril 2020

Pou kwape pwopagasyon COVID-19 la, yo ta dwe mete an plas pwosedi ak founiti pou ankouraje bon pratik pou lave men ak touse epi estènye nan koud bra oubyen nan klinèks ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon woutin nan kote ki gen gwo risk yo. Yo bay konsèy sa a pou tout enstalasyon fabrikasyon manje, sant distribisyon manje oswa manje yo vann an detay yon fason pou pwopriyetè yo, operatè yo ak lòt moun ka entegre pwosedi sa yo nan pwotokòl etablisman yo.

Enfòmasyon jeneral:

Jou ki te 7 mas 2020 an, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta dijans an repons a COVID-19 la. Transmisyon kominotè COVID-19 la te rive toupatou nan New York. Pou minimize plis pwopagasyon, yo ta dwe mete an plas distans sosyal la ak mezi netwayaj pi souvan.

Kanpe Pwopagasyon an:

Yo ta dwe afiche nan kote enpòtan kèk Pano ki ranfòse distans sosyal la pou piti 6 pye (2 mè) distans, lave men yo, ak obligasyon pou touse ak estènye nan koud bra oubyen nan klinèks. Men kèk egzanp pano ki ka itilize yo ki disponib sou sit wèb Depatman Sante (DOH) a nan <https://coronavirus.health.ny.gov/home>. Lòt lang ki disponib tou.

Ijyèn Men:

Yo ta dwe raple anplwaye yo pou lave men yo avèk savon ak dlo, pandan 20 segond pou pi piti:

- Anvan ak aprè yo fin manje;
- Aprè yo fin estènye, touse, oswa mouche nen;
- Aprè yo fin manyen figi, cheve, telefòn, oswa rad yo;
- Aprè yo fin ale nan twalèt;
- Anvan yo manyen manje;
- Aprè yo fin manyen oswa netwaye kèk kote ki ka kontamine; ak
- Aprè yo fin itilize ekipman ak founiti ki pataje.

Ki mezi yo ta dwe pran pou netwaye ak dezenfekte kont COVID-19 la?

Kounyèa:

Tout enstalasyon yo ta dwe kontinye fè woutin netwayaj ak dezenfekte enstalasyon yo a. An plis sa, kote ki gen gwo risk yo (gade anba a) merite netwayaj ak dezenfeksyon regilyèman.

Anplwaye yo

Swiv tout etap ki endike nan afich "[KANPE PWOPAGASYON AN](#)". Epi tou, sonje itilize yon bagay pou kouvri figi ou si ou bò kote lòt moun, si sa disponib.

Si gen yon moun ke laboratwa konfime COVID-19 la te prezante sentòm yo pandan nan etablisman ou an:

Kontakte departman sante lokal ou a san pèdi tan. Netwaye ak dezenfekte nan tout zòn nan.

Ijyèn pou Lè Ou Touse ak Estènnye:

- Kouvri lè ou touse ak estènnye avèk yon mouchwa oswa nan koud bra w.
- Jete mouchwa sal yo aprè ou fin itilize yo san pèdi tan.
- Nenpòt moun ki gen plis pase de (2) ane epi ki kapab tolere medikalman yon bagay pou kouvri figi dwe kouvri nen ak bouch yo avèk yon mask oswa yon bagay pou kouvri figi an twal lè yo nan yon kote piblik dapre [Konsèy Pwovizwa sou Dekrè Egzekitif 202.17 ak 202.18 ki Mande pou Kouvri Figi an Piblik Pandan Epidemi COVID-19 la, 17 Avril 2020](#). Anplwayè yo dwe bay travayè esansyèl yo mask gratis tou pou yo mete lè yo ap kominike avèk piblik la dapre [Konsèy Pwovizwa sou Dekrè Egzekitif 202.16 ki Mande pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Prive yo k ap Kominike avèk Piblik la Pandan Epidemi COVID-19 la, 14 avril 2020](#).

Netwayaj Woutin:

Pratik Nòmal Kontwòl Enfeksyon

Pou pratik nòmal kontwòl enfeksyon, ta dwe toujou gen netwayaj woutin an pwofondè. Yo ta dwe divize tan pou netwayaj la chak jou pou moun yo netwaye regilyèman. Sifas moun manyen souvan dwe gen priyorite pou netwayaj woutin yo paske sifas sa yo ka yon rezèvwa pou mikwòb ak yon chemen ekspozisyon pou transmisyon COVID-19 la.

Men kèk egzanp zòn priyorite yo pou netwayaj woutin la:

- Sifas ki gen anpil kontak ke anpil moun diferan manyen, tankou entèripte limyè, ranp, manch charyo, bouton ekipman, ekipman pataje, aparèy nan pwen de vant, ak manch pòt.
- Atè ak mi yo.
- Kontènè fatra.
- Twalèt.
- Chemine chofaj ak klimatizasyon.
- Sifas orizontal ak aparèy ekleraj.
- Ekipman yo souvan itilize.
- Inifòm, ekipman pwoteksyon, ak / oswa dra.

Idantifye epi netwaye ak dezenfekte regilyèman kote ki gen anpil risk yo.

Men kèk egzanp kote ki gen gwo risk yo:
Pòst Premye Swen / Biwo Sante:

Men kèk egzanp kèk kote yo souvan manyen:

- Ekipman pataje;
- Kontwa, tab ak chèz;
- Manch pòt ak plak pou pouse;
- Ranp;
- Robinè kizin ak twalèt;
- Sifas ekipman;
- Bouton ekipman;
- Entèripte limyè;
- Telekòmand;
- Telefòn pataje;
- Òdinatè, klavye ak souri pataje; ak
- Elektwonik ak telefòn pataje.

Nòt: Gen kèk sifas oswa ekipman ki difisil pou netwaye oswa sansib a likid. Lè yo pataje, yo kapab kontribye nan transmisyon endirèk. Lokal ki gen ekipman yo itilize ki pataje yo ta dwe bay pano ki afiche konsènan bon ijyèn men anvan ak aprè fin itilize ekipman sa pou minimize transmisyon maladi a. Epitou, panse itilize bagay pou kouvri figi ki ka retire, lave pou pwoteje materyèl ekipman ki difisil pou netwaye kont devèsman ak fasilite netwayaj la.

- Netwaye ak dezenfekte kabann sante yo regilyèman (aprè chak itilizasyon).
- Kouvri tab tretman yo epi itilize pwoteksyon zorye.
- Jete oswa lave revètman yo aprè chak itilizasyon.

Twalèt

- Netwaye ak dezenfekte tout sifas twalèt yo, enstalasyon, manch pòt, plak pou pouse, ak entèripte yo (pou pi piti yon fwa pa jou).

Sal a manje / Salon

- Netwaye ak dezenfekte kontwa, tab, ak chèz yo regilyèman (pou pi piti yon fwa pa jou).

Chanm kazyè yo

- Netwaye ak dezenfekte sifas, tab, chèz ak kazyè yo regilyèman (pou pi piti yon fwa pa jou).

Lòt Sifas oswa Ekipman oswa Zòn yo Manyen Souvan

- Netwaye ak dezenfekte sifas yo souvan manyen yo selon yon orè peryodik selon konsiderasyon operasyonèl yo, pou pi piti chak jou.

Netwayaj ak Dezenfeksyon:

Netwayaj retire mikwòb, salte ak tach nan sifas oswa objè yo. Dezenfeksyon touye mikwòb yo sou sifas oswa objè yo.

Moun yo ta dwe itilize ekipman pwoteksyon (tankou gan), jan sa rekòmande sou etikèt pwodwi yo. Li avèk atansyon epi swiv tout enstriksyon sou etikèt yo pou byen itilize epi san danje.

Etap 1: Netwayaj: Toujou netwaye sifas yo anvan ou itilize dezenfektan yo yon fason pou diminye salte epi retire mikwòb yo. Salte ak lòt materyèl sou sifas yo ka diminye efikasite dezenfektan yo. Netwaye sifas yo avèk dlo ak savon oswa detèjan pou redwi salte epi retire mikwòb yo. Pou pwodwi konbinezon yo ki ka ni netwaye ak ni dezenfekte, toujou swiv enstriksyon yo ki sou etikèt pwodwi espesifik la pou itilizasyon an ka efikas. Nan Eta New York, tout ajans ak otorite Eta a oblije pou itilize pwodwi netwayaj ekolojik yo. Pou plis enfòmasyon sou lwa yo konsènan itilizasyon pwodwi netwayaj ekolojik yo, konsilte seksyon Règleman, Gid ak Rapò yo sou sit entènèt Pwogram Netwayaj Ekolojik NY la.

Etap 2: Dezenfeksyon: Netwayaj zòn sal yo dwe fèt anvan dezenfeksyon an pou asire efikasite pwodwi dezenfektan an. Itilize lis pwodwi DEC yo ki anrejistre nan Eta New York ki idantifye kòm efikas kont COVID-19 la. Lis sa a koresponn ak sa EPA idantifye yo.

Si pwodwi sa yo pa disponib, dezenfekte sifas yo avèk yon dezenfektan ki anrejistre EPA- ak DEC*- ki gen etikèt ki di li efikas kont rhinovirus ak / oswa kowonaviris imen. Si pwodwi komèsyal sa yo pa disponib, li akseptab tou pou itilize yon solisyon nouvell klowòks a 2% (anviwon 1 gwo kiyè klowòks nan 1 ka dlo). Prepare solisyon klowòks la chak jou oswa jan sa nesèsè.

- Ou dwe swiv enstriksyon sou etikèt yo lè w ap itilize dezenfektan yo pou asire ke efektivman viris sib yo mouri. Sa gen ladan bonjan kontak tan (sa vle di, kantite tan yon dezenfektan ta dwe rete sou sifas yo pou li efikas), ki ka varye ant senk (5) ak dis (10) minit aprè aplikasyon an. Dezenfektan ki vini sou fòm siye yo ap tou endike tan kontak ki efikas yo sou etikèt yo.
- Pou dezenfektan ki vini nan fòm konsantre yo, li enpòtan pou swiv avèk atansyon enstriksyon yo pou jwenn konsantrasyon ki dilye nesèsè a pou touye efikasan viris sib la. W ap jwenn enfòmasyon sa sou etikèt pwodui a.

Etap 3: Eliminasyon: Mete tout gan yo itilize deja yo ak lòt atik ki ka jete yo nan yon sak fèmen ki ka mare anvan pou w jete yo avèk lòt fatra. Lave men ou avèk savon ak dlo pandan 20 segond pou pi piti imedyatman aprè ou retire gan yo oswa itilize yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl si pa genyen dlo ak savon. Si ou wè men yo sal ou ta dwe itilize savon ak dlo.

Notifikasyon, Izolman ak Dezenfeksyon:

Si yon laboratwa konfime gen yon moun ki gen COVID-19 k ap travay nan etablisman ou an oswa yo te konnen li prezan nan etablisman ou an, **san pèdi tan enfòmè sèvis sante lokal ou a ak Ministè Agrikilti ak Mache nan RRT@agriculture.ny.gov**, epi fè netwayaj ak dezenfeksyon tout sifas yo toupatou nan zòn nan san pèdi tan.

Sèvis sante lokal ou a pral patisipe nan kontwole moun ki afekte a pandan li gen sentòm yo (pandan li izole) jiskaske li jwenn gerizon li. Si se yon anplwaye, sèvis sante lokal la ap ba li otorizasyon pou li soti nan izolman li aprè li fin rekipere nèt, sa ki vle di li pral otorize li pou li tounen nan travay.

Se moun ki te resevwa fòmasyon pou itilize pwodwi yo nan yon fason ki san danje epi efikas ki ta dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon an.. Yo ta dwe kontinye fòmasyon yo pou asire ke yo swiv pwosedi itilizasyon tout pwodui yo san danje epi efikas. Fòmasyon an asire ke yo raple moun yo pou yo li epi swiv enstriksyon itilizasyon ak sekirite sou etikèt pwodui yo. Li ta dwe idantifye tou, anplasman tout ekipman pwoteksyon pèsònèl (tankou gan) ki ta dwe itilize yo.

*Yo p ap mete anrejistremant NYSDEC yo sou etikèt pwodui dezenfeksyon yo. Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan anrejistremant pwodui dezenfeksyon avèk NYSDEC yo nan: <http://www.dec.ny.gov/nyspad/products>. Si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan anrejistremant pestisid NYSDEC, tanpri rele Biwo Jesyon Pestisid NYSDEC nan 518-402-8748.

Plis enfòmasyon:

Paj entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la:

<https://coronavirus.health.ny.gov/home>

Lis Sèvis Sante Lokal yo:

https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/

Paj entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi:

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>

Konsèy FDA Konsènan Manje ak Manipilasyon Manje:

<https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-issues/coronavirus-disease-2019-covid-19-frequently-asked-questions>